Nama =

No. Absen =

Wacanen geguritan ing ngisor iki , banjur wangsulana pitakon ing ngisor kanthi milih salah sijining wangsulan kang bener!

## Tanjung Mas

Papanmu ing pinggir sagara
Gedhe labuhmu marang nagara
Baita-baita
Saben dina teka lunga

Padha lelayar
Dedagangan
Saka mancanagara
Teka ing nusantara

Para miyasa mina
Nrajang ombaking sagara
Ora peduli angin gedhe
Ora peduli panasing srengenge

Tanjung Mas
Jenengmu cinathet sejarah
Nganggo mangsi retna

Prasasti
Saka karangjati
Dadi seksi
Labuhmu marang ibu pretiwi

LIVEWORKSHEETS

1. Irah-iraahn geguritan ing dhuwur yaiku ...

a. Tanjung mas
b. prasasti
c. miyasa mina
d. lelayar

2. Tanjung mas iku ana ing ....

a. Surabaya
b. Jakarta
c. Semarang
d. Bali

3. Tanjung Mas kui apa?

a. bandhara
b. pelabuhan
c. stasiun
d. Terminal

4. sing nrajang ombaking sagara yaiku ...

a. mina tani
b. dedagangan
c. miyasa mina
d. lelayaran

5. Geguritan iku puisi jawa ....

a. kuna
b. modern
c. tengahan
d. Lawas

6. Maca geguritan kudu dibarengi kanthi rasa ...

a. pangrasa
b. seru
c. alon
d. Banter

7. Tembung baita pada tegese karo ....

a. segara
b. prau
c. kali
d. Alas

kanggo no. 8 – 10

pletheking srengenge nggugah nggonku turu
tak sawang peturon pating blengkrah
endah penake bisa sulap
“sim salabim bum bum”! peturon beres omah resik
Ndadak krungu swarane ibu
“wis ndang diberesi, selak awan!”

8. Geguritan ing dhuwur nyritakake suasana wayah ...

a. esuk
b. awan
c. sore
d. Bengi

LIVEWORKSHEETS

9. Sapa paraga sing lagi crita ?

a. ibu    b. bapak    c. bocah    d. Pakdhe

10. Apa lamunane bocah kui ?

a. resik-resik peturon    c. dadi juara kelas

b. bisa sulap    d. Mbiyantu bapak

10.

LIVEWORKSHEETS